

Diangoro hepatitis B ak VIH


Hepatitis B diangoro diokhamnèla, daye diape sa foie bi dadiko nêwile, domou diangor bi koye diokhé mi ngui toudou Hepatitis (VHB). Domou diangoro dji dafa nirrou ak diangoro VIH si lou beurri nou gnouye koye walanté, lolou motakh, nites gnou beurri you ko amé tamite dagnouye amé VHB. Diangoro VIH daye déff qué domou diangoro VHB di mague mague bou gawe, wanté guisseu gougou né domou diangor hepatitis B dina déffe dará si diangoro VIH.

Walante diangoro dji:

Diangoro Hepatitis B meunou gnou ko walanté rek si bok di dounde bes bou nék, meunanouko walante si yonou déréte, si yonou dokhou gor, si yonou dokhou djiguène boudé daffa amé diangoro dji. Amna ayes yones nites dina amé diangoro dji si yaramame dadi ko fache bamou wére té doukho khome. Boudé lolou amoul, diangoro daye done diangoro bo wara doundeul sa guirou doundeul. Doudé do dieule garabe té do topato sa doundeul, ak temps bi, diangoro hepatitis B, meuna india yés diaffé diaffés si sa foie bi ak si sa wérgu yaramame.

Nites gni amé diangoro VIH, gno gueuna nêwilé ayes dioumtouwayes pour guisse diangoro dji, dichi yok si gnome la magayou diangoro dji guena gawe. Lo lou mo takhe, bépeu nite bou amé diangor VIH, warna déff thiyatou vérgu yaramame pour khome ndakhe daffa amé diangoroye VHB.

Dichi yok, nite yeupeu yi amé diangoroye VIH, meunenouko bagna amé diangoro VHB, lo mo takhe bounou néké si yone bou méle nonou, dano wara niakou pour meuna mouche si diangoro dji. (kholéne InfoVHtal: Ndiguélé si ayes niakous bo amé diangoro VIH).



Nou gnou chiye mouché

Yone bi gueuna wore pour meuna mouche si diangoro hépatite B, moye niakou. Boudé Danga amé diangoro hépatite B, Ki nga nékal si yonou séye warna niakou pour meuna are bopame si diangoro dji.

Yénéni dioume touwaye yo meuna dieule pour meuna wagni walanté bi si VHB:

- Di dieufuendiko kawasse si séye
- Bagna bok ayes pikirous boudé dangaye dieule siné bare
- Bagna bok ayes dioumtouwayes yoyes dieufuendikos bougnou takhé déréte. (paka watou, brossou bégne ak lénène lou chi meuna tope)
- Worale bou bakhe, ndakhe dioumtouwayes yi gnouye dieufuendiko pour tatouage wala di beune sa yaramame yi séte nanou si diangoro dji.

Padioume diangor

Diangoro hepatitis B meunenouko ko fache ak garabes yo khamnè dinala dimbeulé pour wagni domou diangoro dji VHB si sa déréte, di wagni tamite ni mouye sonalé sa foie bi. Nite qui amé diangoro VIH/VHB dafa wara diote padioumes bou niarry diangoro yi. Tanoume garabes yoyou dina dépendar si nite kou né. Amna ayes yones garabe bi gnouye dieule pour diangoro VIH, dinala meuna dieurigne tamite si diangoro VHB. Si yénéne nite war nanou dieule garabes bouye khékhe VHB diko bolé ak garabes bouye khékhe diangoro VIH.

Lou Diara Bayi Khéle:

Name diangoro hepatitis B meuna afche bopame bamou diékhe si sa yarame, lolou bou amoule, diangoro guirou doundeu laye done, dou ame pache.

Nite gnou beurri gnou amé diangoro VIH, amnanou tamite hepatitis B, lolou mo takhe, képeu kou amé diangoro VIH, ware na khole ndakhe amé woule niarry diangoro yi.

Gni ngui diglé, bépeu nites bou amé diangoro VIH, bou amoul hepatitis B, ware nako niakou.

Amna sola nite gni amé diangoroye VIH gnouye dieule séne garabe (bougrou amé diangoro hepatitis B tamite, gnou fache ko).



Thiossane Bi: NIH

gt grupo de trabajo sobre tratamientos del VIH
ENTIDAD DECLARADA DE UTILIDAD PÚBLICA
ONG DE DESARROLLO



¿TIENES DUDAS SOBRE EL TEMA?
PREGÚNTANOS

Tel. 93 458 26 41

Descargo de responsabilidad

La información contenida en esta ficha no pretende sustituir la recibida por el médico. Las decisiones referentes a la salud siempre deberían tomarse tras consultar con los profesionales sanitarios. La información médica puede quedar desactualizada con rapidez.

Si te surge alguna pregunta tras leer esta ficha, te aconsejamos hablar con tu médico o enfermera o llamar a gTt-VIH, al 93 458 26 41, para comprobar si existe alguna novedad relevante al respecto.

SUBVENCIONA



POR SOLIDARIDAD
OTROS FINES DE INTERÉS SOCIAL



SECRETARÍA DE ESTADO DE SANIDAD
DIRECCIÓN GENERAL DE SALUD PÚBLICA
DIVISIÓN DE CONTROL DE FARMACOS, PRODUCTOS Y LABORATORIOS

Generalitat de Catalunya

Salut / Agència de Salut Pública de Catalunya



Diputació de Barcelona

Àrea d'Igualtat i Sostenibilitat Social



Ajuntament de Barcelona

COLABORA



ETIS
EQUIP DE TREBALL SOBRE IMMIGRACIÓ I SALUT



eSPiC
Equip de salut pública i comunitària

www.gtt-vih.org

SI TE HA PARECIDO ÚTIL Y INTERESANTE EL CONTENIDO, COMPÁRTELO.

